


*Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması*

# Qurılıs jumısları

**SANLAR:**

- Qurılıs-montaj jumısları kólemi 1424,0 mlrd.swm
- Iri qurılıs kárxanalardıń úlesi – 16,2 payız
- Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar – 53,6 payız
- Qurılısta rásmiy bolmaǵan sektordıń úlesi – 30,2 payız

Usı jıldıń yanvar-oktyabr ayları boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikasında 1424,0 mlrd swmlıq qurılıs jumısları alıp barılıp, sonnan ósiw páti ótken jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırma túrde 100,4 payızın quradı hám 0,4 payızǵa kóbeydi.

Sonıń menen bir qatarda iri kárxanalar tárepinen qurılıs jumısları kólemi 231,3 mlrd swm bolıp, ósim páti 102,2 payızdı qurap, ótken jıldıń oktyabr ayına salıstırǵanda 2,2 payızǵa kóbeydi.





# Múlikshilik formaları boyınsha qurılıs jumısları

## Múlikshilik formaları boyınsha qurılıs jumısları




Múlikshiliktıń mámleketlik emes túrindegi qurılıs kárxanaları tárepinen 1372,0 mlrd. swmlıq qurılıs jumısları pitkerilip, ulıwma qurılıs jumısları kóleminiń 96,3 payızın quradı, ótken jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırǵanda 3,7 payızǵa ósti.




Ulıwma qurılıs jumısları kólemindegi "imaratlar hám inshaatlardıń" qurılısı boyınsha 960,2 mlrd.swmlıq qurılıs jumısları pitkerilip hám ótken jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırǵanda 10,1 payızǵa kóbeydi. "Puxaralıq obektlerin" qurıw boyınsha qurılıs jumısları 175,2 mlrd.swm bolıp, yaǵnıy ótken jılǵa salıstırma túrde 6,3 payızǵa kemeydi, 288,6 mlrd.swmlıq "qániygelestirilgen" qurılıs jumıslarına tuwra kelip, ótken jılǵa salıstırma túrde 2,8 payızǵa kemeydi.




Ulıwma qurılıs jumısları kóleminde jańadan qurıw, rekonstruktsiyalaw keńeytiriw hámde texnikalıq jaqtan qayta qurallandırıw jumıslarınıń kólemi 1036,0 mlrd.swmdı quradı. Kapital, ápiwayı ońlaw hám de basqa da qurılıs jumıslarınıń kólemi 388,0 mlrd swmdı quradı.

Ótken jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırǵanda jańadan qurılıs, rekonstruktsiya, keńeytiriw hámde texnikalıq jaqtan qayta qurallandırıw jumısları 10,3 payızǵa kóbeydi. Kapital, ápiwayı ońlaw hám de basqa da qurılıs jumıslarınıń kólemi 6,8 payızǵa kemeydi.




**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması Investitsiya hám qurılıs statistikası bólimi**

**Orınlawshı: Z.Seytimbetova**

**(0361) 222-75-91**